ndax du ma la yabal ca la ma Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- yabaloon? Bul bàyyi benn xërëm te tojoo ko, mbaa benn bàmmeel bu ñuy màggal te maasale woo ko

Jële na ñu ci Abul Hiyyaaj Al-Asadi mu wax ne: Aliyun Ibn Abii Taalib da ne ma: ndax du ma la yabal ca la ma Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- yabaloon? Bul bàyyi benn xërëm te tojoo ko, mbaa benn bàmmeel bu ñuy màggal te maasale woo ko.

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daa na yónni Sahaaba yi ci ñu bañ a bayyi benn «xërëm» -te mooy nataalu lu am ruu moo xam dafa am jëmm walla amul jëmm- lu dul ne dindi nañu ko mbaa ñu far ko. Ak ñu bañ a bàyyi bàmmeel bu ñu yëkkati lu dul ne maasale nañu ko ak suuf si, màbb la ñu ca tabax, mbaa ñu jégénal ko mu bañ a sute suuf si lu bari, waaye dañu koy yëkkati luy tollook Sibr rekk.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5934